# И.ЮСУПОВТЫҢ «МӘМЕЛЕК ОЙ» ПОЭМАСЫНДА СҮЎРЕТЛЕЎ УСЫЛЫ ҲӘМ ЖАНРЛЫҚ СЫПАТ

**Қ.Мамбетов -** *үлкен илимий-хызметкер излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** тема, образ, жанр, шакл, бадиий услуб синтези.
**Ключевые слова:** тема, образ, жанр, форма, синтез художественных методов.
**Key words:** theme, character, genre, form, synthesis of artistic methods.

Адамзат ең әййемги тарийхый дәўирлерде тәбият ҳәм жәмийеттиң сырларын диалектикалық раўажланыўы усылында түсинбегенликтен өзлериниң әпиўайы санасының қурамалыға өтиў процесинде бул сырларды әпсанаўый (мифлик) сана базасында шешип отырған ҳәм адам тақылетиндеги (ат, қус ҳәм т.б.) зооморфологиялық, антропологиялық (дәў, пери, мәстан кемпир ҳәм т.б.) қаҳарманлардың, образлардың жәрдеминде бизди қоршаған болмысқа өзинше түсиник берип, оны қабыл еткен. Мине, булар адамлардың ең әпиўайы ақыл ҳәм ойының жемиси-мифлерди келтирип шығарған.

Бүгинги илимий-теориялық көзқарастан миф (әпсана) аўыз-еки әдебияттың эпикалық жанрының бир формасы болғаны менен, ол өзиниң пайда болыў дәўиринде адамзат ушын қоршаған дүнья ҳәм ҳәр қыйлы тәбият қубылыслары менен жақыннан танысыўдың бирден-бир анықламасы болды. Әййемги урыўлық-қәўимлик формацияның адамлары тәбиятты (болмысты) жанлы нәрсе сыпатында қабыл етти. Профессор А.Ф.Лосевтың сөзи менен айтқанда: «...стоило только перенести общинно-родовые отношения на природу (а не переносит их на природу первобытный человек не мог, поскольку они были для него естественно близким и понятным), как вся природа вдруг становилось мифической и магической; вдруг наполнилась живыми существами, но по своей огромности и силе уже бесконечно превосходившими человека и потому часто получившими всякого рода чудовищ и страшилищ» [1]. Демек, миф өзиниң пайда болыў дәўиринде реаллықты поэтикалық сүўрет-леўдиң мазмуны, ямаса шынлықтың символы болған жоқ, ол әййемги адамлар ушын ҳақыйқый шынлықтың өзи сыпатында қабыл етилди [2].

Дәўирдиң алмасыўы адамлар арасында көркем сөз өнерине зәрүрликти пайда етти ҳәм мифлердиң базасында «искусство ҳәм поэзия өз қәлиплесиўине шараят тапты» [3]. Нәтийжеде, миф аўыз-еки халық дөретпелериниң эпос, ертек сыяқлы формаларына терең сиңисти ҳәм өз алдына миф (әпсана) форма болып, фольклор қурамынан орын алды.

Мине, усы мифлик сюжеттиң реалистлик әдебиятта енгизилиўиниң шебер үлгиси шайыр И.Юсуповтың «Мәмелек ой» поэмасында тийкарғы планда турады. Бул шығарма 1990-жылларда дөретилип, елимиз миллий ғәрезсизликке өтиў дәўириндеги жәмийетлик-экономикалық, социаллық-сиясий мәселелерди сөз етиўи менен айрықша ажыралып турады. Поэманың атамасының өзи шығарма машқаласы, идеясы менен қатаң бириккен.

Поэмадағы
идея-адам ҳәм дүнья (байлық), қанәәт ҳәм нәпси арасындағы мәңги қарама-қарсылық ҳәм мәңги гүрести ашып бериўден ибарат. Автор инсандағы қәлиплескен усы сезим категорияларының қарама-қарсылығы ҳәм биригиўлериниң сыпатын ашып бериўди мақсет етеди ҳәм бул арқалы адамларды инсаный пазыйлетлердиң жоқарғы адамгершилик қағыйдаларын сақлап жасаўға шақырады:

Базда тайып қара музға,
Базда дәрья ағар дизден.
Ғәрезлик бар арамызда,
Биз дүньядан, дүнья бизден.
...Болған сайын болсам, дерсең.
Жыйған сайын жыйсам, дерсең.
Ақырында опық жерсең,
Көкирегиң қайтар дизден.
...«Алтын көрсе периште де
Жолдан шығар» деген сөз бар.
Еңбек пенен ериспеген
Артық дүнья көз шығарар...[4]

Шайыр өзиниң бул идеясын оқыўшылар қәлбине терең сиңдириў мақсетинде поэмада үш сюжетлик линиядан пайдаланады: Биринши сюжетлик линия - бул поэманың тийкарғы қаҳарманларының жеке тәғдири (5-6-7-8-9-бөлимлер):

Мәмелек ой шетиндеги
Қараманның арасында,
Бул бир өскен жетим еди
Ағайинниң панасында.
Елге хызмет етти, бирақ
Дүнья қуўып, ҳәзлик қуўып,
Тәкаббырсып кетти бирақ,
Бети-қолын сүтке жуўып.
Ақша менен алтын болды,
Енди оның жыйнағаны,
Берген–жүзи жарқын болды,
Үлкейди тез – сыйлағаны.

Екинши сюжетлик линия - бул поэмадағы «Мәмелек ой» деп аталатуғын кебирге байланыслы мифлик ўақыя (4-бөлим):
Марҳум атам бир заманда,
Айтып бергени есимде:
«Жин-жыпыр көп бул таманда,
Жалғыз жүрме, деп – кешинде».
Тумлы туста қандай да бир,
Жин шырақ жанғандай болар.
Из бетимде дүбир-дүбир,
Биреўлер қуўғандай болар.

Қорыққанға қос көрине ме,
Күшейди от жарқылдысы,
Ийттиң бе я, бөриниң бе,
Еситилер арсылдысы.

Үшинши сюжетлик линия - бул автордың сезимлери шыңының жуўмағы. Бунда шайыр жоқарыдағы еки линияның биригиўи нәтийжесинде, яғный мәмелектиң «буғаўына» түсип жолынан адасқан жолаўшы ҳәм байлықтың мәслигине берилип өзиниң инсаный жолынан адасқан реал қаҳарманның тәғдир тәрезисинде тасының жеңил келгенлигин сәўлелендиретуғын линия арқалы адамлардағы сезим категориялары-қанәәт ҳәм нәпси арасындағы мәңги гүрестиң жуўмағын ашып бериў (1-2-9-бөлим):

Биреў қурып – дүзип атыр,
Биреў оны бузып атар,
Бир имарат питпей жатар,
Адамзат жаралған гезден.
Дүнья айтар: - Менсиз кимсең?
Табыныўшым ҳәм бендемсең.
Қызығыма түсип көр сен,
Ар-уятың кетер жүзден.
Ҳәмел менен байлық егиз-
Бир кеўилге жайғасады.
Руўлас оларда негиз,
Аңламаған адасады.

Бизге мәлим болғанындай, адамның қәлбине тәбият қубылыслары, әпсаналық, аңызлық ҳәм т.б. ўақыялардың мазмуны тереҳ уйлығысатуғынлығы белгили. Демек, шайыр И.Юсупов бул поэмада мифлик сюжетти реал турмыслық ўақыяның машқаласын ашыўда пайдаланыўы, шығарма идеясының китап-қумарлар қәлбинде тереҳ орнаўына жағдай жаратады. Ал, бул дөретпени оқыўда оқыўшылар қәўимин зериктирмейди, керис инше оларды билмеген «материал» менен таныстырып барады. Бул автордың өмир қубылысларын көркем сүўретлеўдеги өзине тән болған және бир жетискенлиги десек қәтелеспеймиз.

Сондай-ақ, шығармадағы нәзерге түсетуғын белгилердиң бири - поэмада лирикалық өлшемге кеңирек (1, 2, 3, 9, -бөлимлер) орын бериледи ҳәм эпикалық баянлаў салыстырмалы түрде тарлаў шеңберге ийе. Бирақ бул поэманы жанрлық сыпаты бойынша лирикалық поэма деп жуўмақ шығарыўға мүмкиншилик беретуғын дәрежеде емес. Себеби, поэмадағы ўақыялар автор тәрепинен эпикалық жанрдың заңлылығына сай избе-из баянланып, қаҳарманлардың ҳәрекети биринши планға шығарылады ҳәм образлар тиккелей ўақыяларға қатнасыўына қарай өзиниң сыпатын ашып отырады.

Биз бул поэма бойынша талқылаўымыздың шешимин төмендегише жуўмақлаймыз:

а) Шайыр И.Юсуповтың «Мәмелек ой» поэмасы 1990-жыллардағы қарақалпақ поэзиясында жәмийетлик - экономикалық, сиясий-социаллық машқалаға бағышланған, адамзат сезиминиң мәңги қарама-қарсылықлы гүресиниң идеясын ашып бериўди мақсет еткен қунлы дөретпе болды;

б) Автор өз идеясына ерисиў мақсетинде үш сюжетлик линия арқалы поэманың композициялық қурылысын қәлиплестиреди:

1) Реал турмыслық қаҳарманның өмирден адасыў ўақыясы;

2) «Мәмелек ой»дағы мифлик сюжет;

3) Усы еки болмыслық ҳәдийсениң биригиўи, адамдағы нәпси ҳәм қанәәт, инсан ҳәм байлық, инсан ҳәм менменлик иллетлериниң мәңги гүресиниң әҳимийетин ашыўына мүмкиншилик бериў ўақыясы;

в) Поэмада автор ўақыялардың раўажланыўын баянлаўда көбирек лиризмге кең орын береди ҳәм адамлардың ой-санасына проблема қойып, тәғдирдеги машқалаларға шешимди инсан қалай қабыл етсе, солай болыўын уқтырады.

Бул поэма сюжетиниң раўажланыўында ўақыя ҳәм сезимниң синтезге түсиўи, бирин-бири толықтырып дөретпе көркемлигин ҳәм мазмунын тереңлестириўи шығарманы жанрлық жақтан лиро-эпикалық поэма деп жуўмақ жасаўға тийкар болады.

**Әдебиятлар**


1. Лосев А. Ф. Античная мифология. -Москва: «Наука», 1957. -С. 9.
2. Стеблин-Каменский М.И. Миф. - Ленинград: «Наука», 1976. -С. 99.
3. Маллаев Н. Ўзбек адабиети тарихи. -Тошкент: «Ўқитувчи». 1976, 42-б.
4. Юсупов И. «Мәмелек ой». // «Әмиўдәрья», 1990, № 8 30-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола И.Юсуповнинг «Мәмелек ой» поэмасининг жанрий хусусияти, бадиий воситалари ва поэманинг сюжет қурилиши масалаларини ўрганишга бағишланган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается изучению жанровых особенностей поэмы «Мамелек ой» И.Юсупова, анализируются художественные методы и построение сюжета в поэме.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of genre peculiarities of the poem «The devil’s pit» by I.Yusupov and the analysis of the literary-artictic methods and the structure of the plot in the poem.